ЩIэныгъэлIыРкъуажэ школ щылэжьэн щхьэкIэ, абы и Iэнатlэм еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыкIуэ щытхъуцIэ щэнтжьыейхэми щумыгъуэт дзрэжьгъуэ гуэр хэлъын хуэкIы. Хьэсэнбий абы зэрреджэр «сабийм я гупщанагъэ». Дунейм иджыри льапэпщIийкIэ щытрэ фIэмыкьэлэмэт зыри щымыIэу и нэ топхэмкIэ псори зэпиплхьху, ау э щыхьукIэ и дзыхьыр тыншу зыми иримыгъэзу япэ классым кьокIуэ анэ куэщIыр иджыри зымыбгынэпса сабийр. УепсэтьмэкIэ кьыэзэрыгуэкI цыху гуапэу щыт Хьэсэнбий сабийхэм я гугъу ищын зэрыщIидзэ, псы зыщIакIа жыгым ещхьу , «и псэр кьыхьэжкIи» Iуэхум бгъэдыхьэн зэрызуейр, егъэхьын фIэкIа хуэмей жыхуаIэм хуэдэу кьыббГэдеЛхьэ:

*- Сабийр сытым дежи сабийщ, сыт хуэдэ зэманым щымыпсэуми. А нэхъ цыкIуэхэм псом хуэмыдэу удахьэх. Абы-хэм зы псалъэ гуапэ яжепIэу щытмэ, ямыщIэн мы дунейм теткым. «Сабийм и гупщанагъэр» жыхуаIэрауэ кьыщIэкIынщ ар. Абы пцы упсыкIи хьэрэмагъ зехьэкIи пщIэркъым. Мыхьумыщ1агъэ псомкIи ерыгъасэр нэхъ инэсрауэ кьыщIэкIынущ. ЦыкIуэхэм щхьэрыуПыпщ уепсалъэ хьэмэрэ бгъэшынэ хьунукъым. Дыгъуасэ кьалхьуа сабийр гъымэ, «Мыгъ, армыхъумэ дыгъужь кьэжкIуэнурэ унихьинущ» жраIэ. Мис абдежым шынэн щыщIедзэ абы. Ар жумыIэу щытмэ, жэщ кьиифым хьихьэфу, щыпIэ мыцIыхуэм кIуэупрыкIыфу, зыми щымышынэу щытынущ ар. Абы кьыэгъэкIынущ сызыхуейр щу - цIыхухъэм сабийм хлпльхэращ ар зэрыхьури, щыуагъэ гуэр сIэщIэмыкIарэт жысIэу сыхуэсакъ зэпытщ цIыкIуэм сащыхэтым деж. Сабийр цIыхушхэм нэхъ ящхьщIхьэщ. Абы егъэльагъумрэ жеIэпмрэщ пщэдей иту укъыщэжьрыкьынурэ, Iэмал зэрпIэжь мыхьумыщIагъэ кьыэзэрыдэмыпагъэхьэмрэ бгъэшынэ хьунукъым. Дыгъуасэ кьалхьуа сабийр гъымэ, «Мыгъ, армыхъумэ дыгъужь кьэжкIуэнурэ унихьинущ» жраIэ. Мис абдежым шынэн щыщIедзэ абы. Ар жумыIэу щытмэ, жэщ кьиифым хьихьэфу, щыпIэ мыцIыхуэм кIуэупрыкIыфу, зыми щымышынэу щытынущ ар. Абы кьыэгъэкIынущ сызыхуейр щу - цIыхухъэм сабийм хлпльхэращ ар зэрыхьури, щыуагъэ гуэр сIэщIэмыкIарэт жысIэу сыхуэсакъ зэпытщ цIыкIуэм сащыхэтым деж. Сабийр цIыхушхэм нэхъ ящхьщIхьэщ. Абы егъэльагъумрэ жеIэпмрэщ пщэдей иту укъыщэжьрыкьынурэ, Iэмал зэрпIэжь мыхьумыщIагъэ кьыэзэрыдэмыпагъэхьэмрэ бгъэшынэ яужь уитыт хуейщ. Мы дунейм сыт хуэдэ хьэщIыпIэщIэзэрэ тету щытми, а иджыпсту яIэщIэмыкIэ телефонрауи сощIри, ар кьепсэлъэжьфырыкьым абы балигъым хуэдэу. Уэ жыпIар щэч пщIэкъ кьытрамыхьэу я фIэщ хьууэ, уэри езыхэр уи фIэщ пщыкIифэ, сабийхэм хуэдэу уеХъэзыгъэпэж цIыIэкъым.

Япэ увыпIэр

«УРУСЕЙМ и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэр ильэс куэд хьуауэ кьэралым щокIуэкI. Амщокьуэр абы япэу щыхьхьар 1994 гъэращ. А ильэсым лауреат хьуа щIалэр зэпеуэм 1998 гъэми хэтыну трагъэгъэшхуащ. А зэманым зэхьэзэхуэр щекIуэкIкIэ Кэнэдэ дэт етIощIанэ ерджапIэрат. Амщокьуэ Хьэсэнбий Къэбэрдей-Балькъэрым япэ увыпIэр кьыщихьауэ щытащ абы щыIуэ. И ужькIэ Москва ягъэкIуащ Урысей псом кьыкIа егъэджакIуэхэм япеуэну.

Зэпеуэм и япэ Iыхьэм хэта цIыху блыщIрэ тIум кьыхахэ егъэджакIуэ пщыкIутхум я гъусэу Хьэсэнбий лауреат хьуащ. Iуэхур щекIуэкIыр: Москва дэт 5-нэ школыпIэ. Япэ Iыхьэм кьалэн кьыщищIырат: дакьикитэ 40-кIэ екIуэкI дерсым щIидзэным дакьикипщI кьудей иIэжу сабий мыцIыхуэхэм уадэлэжьэну классым ущIагъэхьэрт. Апхуэдэу етIуанэ классым есэпымкIэ дерс щита нэужь, зэрыжьгIащ, кьаужьканэ егъэджакIуэ пщыкIутхум Хьэсэнбий яхэхуащ.

ЕтIуанэ Iыхьэм а цIыху пщыкIутхур зэрызэпрагъауэ унэтIынигъитхум языкмкIэ япэ увыпIэр кьихьащ. «Си псэр сабийхэм язот» - арат Хьэсэнбий щытекIуа унэтIынитIым зэреджэр. Москва ипкъ иткIэ, Амщокьуэм «1998 гъэм Урысейм и егъэджакIуэ я нэхъыфI» цIэр кьыхуагъэфащэри, «Хрустальный пеликан» саугъэтыр кьратащ.

Iэнэщ1у хьэщIапIэ дыкIуэркъым

ЗЭПЕУЭМ и кьыкIэлыкIуэ Iыхьэм а егъэджакIуэ пщыкIутхум ныщхьэбэ хуэдэм дерсыр зытеуэну ар кьыкрагъэуплъэ дджыжьым «урок-импровизацIя» жыхуаIэм хуэдэ ятын ин уейт: «Сыт жюрим ягу уэрэрыдыхьар адрейхэм ямылепIуэ?» гъэм ущыпэрыткIэ, адрейхэм ящIар къэбгъэсэбэп кьудей мыхъуу, уэ езым зыгуэр хэпльхьэну ухущIэкьумэ, лэжьыгъэр нэхъ щIыщыпъуэ мэхъу, уэрэ уи Iуэхур нэхъ тынщ.

Псори зэлъытыжар щIэныгъэр зэрыбгъэдэпльхьэращ. Зэман къэхъуауэ щытащ сабийр пэщIэдзэ классхэм я бзэкIэ едгъэджэжьи хуейщ жаIэри. Абы кьрикIуэнур егъэджакIуэ кьэс и пкъым кIуэщIригъэжьыну сабийм зэрыбгъэдпльхьэжьым елытащ. АдыгэбзэкIэ ядгъэгъэ зыри щыпхуэмыщIэжьым и дежщ. ИтIанэщи ди бзэр урыскIэбзэ урокым щыхэпльхьэн хуейр. Мор нэгъуэщIу кьагурыIуа кьыщIэкIынщ - сабийм занщIэу нэхъ тынш щащIын хьэмэрэ урокыр нэхъ псынщIу ирагъэкIуэкIын щхьэкIэ, гугъу емыхьу а псалъэр асыхьэту адыгэбзэжьэ жраIэурэ, зэрысбзэр зэращIэм кIуэ пэтми арэзы нэхъ укъинмыщI хьауауэ щытащ.

Сэ сабий кьыхсхэуIэуэ сощIэж нэгъуэщI школ кьинкIыжри. «Шестью пять» жысIэмэ, ищIэртэкьым, ауэ «Хьар - тхуэ» жысIэмэ, занщIэу кьыкъэ дж урт.

«Таблица умножения» жыхуэтIэр апхуэдэу адыгэбзэ урокым кьыщыбгъэсэбэлмэ сщIэрыкьым, армыхъумэ епIлэнэ классым нэсэ нэужь есэпыр адыгэбзэ щыуенкIэ фIэжьа имыщIэмэ, уи нэгъэкIыщIэгъэхьэт етхуанэ классым кIуэ нэужь, абы кьыщыщIынур. Зыри хуэхэщы-хьыжьынукъым абы математикэм. Иджыпсту егъэджакIуэхэм дыщепсалъэкIэ ябгъэдэтлъхьэрэ аращ.

Анэдэлъхубзэр кьыбдальхуркъым

- УЭ КЪЭПЩIА классым елытауэ уопль Iу эхум. УрысыбзэкIэ ящIэрп адыгэбзэкIэ ящIэрп зыхуэдэрэ зыр бопщIэгъ. Уи классым кьэкIуа адыгэ сабийм адыгэбзэ ящIэу кьыщпщхьу щхьэкIэ, ящIэрыкьым абы адыгэбзэ. Мэпсэльэф, и анэм зыхуейр кьыгурегъаIуэ, ауэ аркьудейм кьыщыщэтеуВыIэркъым адыгэбзэр. Сабийм бзэр ящIэмэ, а урокым уэзреупщIам и жэуапыр тэмэму кьыббГэдпльхьэфу щытын хуейщ. Абы бзэр ящIэрэ имыщIэрэ кьыббольгъэу упщIэ зытIущ ептмэ. «Хьэуэ - нтI» фIэжьа жимыщIэ и е щхьэр ящIмэ, гурыIуэгъэуэ: зэгъэзэхуауэ жэуап кьуптыфыным сабийр хуэхьэзыгъэкIын. Адыгэбзэр даоэу, кьаБзэу егъащIи, гупсысэр адыгэбзэкIэ кьинуэтэжу щытмэ, итIанэ а урысбзэмэ хуэжьэнущ. И бзэм зэрыгъэхьумэ, урысыбзэрэ хуэпэжьрыуэфынущ. Дэ урысыбзэкIэ зэращIэу дгъэпсэльэн ди гугъэу хамэбзэр япэ идогъэщ.

А кьалэм дэс сабийр урысыбзэм нэхъ хуэшэрыуэ у, и адыгэбзэр нэхъ кIэрыхуауэ сыт кьыщIэкIуэр? Сабийр адыгэ кьалхьу щхьэкIэ, псалъэ кьыдэхукъым, бзэр лъым хэту кьыщIэрыхьэрэ щхьэкIэ. Адыгэ адэ-анэм кьинлъуэ сабийр кьыщхьэм ептмэ, ар кьуэцкIэ зэращIэу псалъэу кьыщэрыхьунур. Уэ ебгъащIэ-ращ абы бзэ хуэхъунур. Хьэмэ сабий кьалхьуар Америкэм егъашэ, Англием егъашэ, абы адыгэбзэм урысыбзэм ищIэнукъым, инджылыбзэщ зэрыпсэлъэнур. Абы кьинзэжьир бзэр сабийм кьыдальхьу щхьэкIэ, адэкIэ ебгъащIэ кьыщIэхьэ, ауэ Америкэ дэс ресПубликэм и егъэджакIуэхэр нэхъыбэу зыхуэдгъэлажьэри ираащ. Мис а сабийхэм ящIэр кьалпIэу, итIанэ адэкIэ зебгъэзэукьын хуейуэ ираащ. Япэрауэ, и адыгэбзэм зегъэужьыхьэщ, ар и анэдэлъхубзэщи.

Зы уи закъуэ щхьэкIэ, классым щIэс сабий тIощIрэ тхум я кIэ пльагъуи хуейщ. УпщIэ щептым деж, я нэкIум, я фэм зэрызихъуэжьыкIэ епльыпхъэщ. А цIыху тIощIрэ тхум я фэм, кином кьыззригъэльагъэ уэм ещхьу, кьеГъэльагъуэ а сэ жыслар хэт дапхуэдэу кьыщыхъуами, хэт зыуи кьыщымыхъужьынкъым. Мис абы гу лыптэфу щытын хуейщ. Гу лыптэ нэхъ, адыгэбзэ зыщыпщынурэ уусабзэ зыщыпщынурэ уэ езым пэжу кьыхьыбохьф.

Здэхьын хуейщ бзитIри. Iэмал зэрпIэкIэ, япэ классымрэ етIуанэ классымрэ я адыгэбзэр нэхъ япэ ибгъэщу, итIанэ, ун бзэм фIыуэ зебгъэужьа нэужь, урысыбзэр тIэкIу нэхъ я пщIыуэ, епIланэ классыр кьыщIунэм деж сабийр мылъэгъэрапэу сыт хуэдэ упщIэ зэрыхьэ-кIэ хуумыгъэуамэ жэуапыр хуиту кьуитыфу мэхъу. Етхуанэ классым щыщIэдзауэ упрокхэр адэкIэ зэрекIуэкIынур урысыбзэщи, ар имыщIэу щытмэ, егъэджакIуэм зи кьыжраIэр кьыгурыIуэ зиIэ щхьэкIэ ящIэу зыхуэдэкIыну кьыкIыщ икIи еджэфынукъым.

Абы хуэмыкIуэнкIэ Iэмал и кIэкьым лэжьыгъэр тэмэму кьыхэзгъэщамэ. Апхуэдэу уемыгугъуэмэ, ди дыгъуасэ школ кьалхьа сабийм упщIэр зэрыхьэсыгъэ я зы Iыхьэ мащIэми, ноби жьджэру я Iэнатlэм пэрыт зэщхьэгъуэсхэми абыхэм кьащIэхьуэ щIэблэми дяпэки я хьыбарыфI зэрызэхэтхынум шэч кьытетхьэркъым.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

«Урысейм и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм и япэ Iыхьэр Кэнэдэ и етIощIанэ школым щокIуэкI. *1998 гъэ*

культетым щыщIалажьэм щыгъуэ, Амщокьуэр аргуэру Америкэмрэ Канадэмрэ ирагъэблэгъащ, ауэ гъэзэгупщIэр езым итыжьын хуейт. Хьэсэнбий гуапэу игу кьинэжащ а лъэныкъуэмкIэ абы зыкьыщIэзыгъэкъуа, университетым и ректор Кьэрэмырэз Барэсбийрэ абы и кьуэдзэ Шьибэхьуэ Азэмэтрэ.

Нобэ захуагъэ щыIэжу зи фIэщ мыхъухэм я дэжкIэ гъэщIэгъуэнщ кьуажэдэс егъэджакIуэр зэуэ дунейм и адрей кIапэм кьыщыхутэну. Iуэхум уигу хуэжьабзэу убгъэдэтмэ, уэрэдми жиIащи, «Апхуэди кьохьу!»

НэгъуэщI каналкIэ внэпкIэ

БГЪУЩI гъэхэм кьыхаль хьэри, пэщIэдзэ классхэм предмет псори адыгэбзэкIэ ирагъэджу щIидзауэ щытащ. Иужькьи «Ди сабийхэм урысыбзэр яIэщIоху» жаIэри кьуажэ егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэ хэмрэ зыкьалэтащ. А тхьэусыхафэхэм япкъ иткIэ, программэр зэрахъэжьыжьри, япэрей классипIыр урысыбзэкIэ ирагъэджэн щIидзэжащ. Ауэ щыхьхьэ, щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIи нэхъыбжьхэр щыхьэт зэрытехьуэмкIи, зи бзэр зымыщIэжым хамэбзэрэ тыншу кьиубыдыркъым, гъащIэми нэхъ тыншу кьрещIыкI.

Иужь пэщIэдзэ классхэм урысыбзэм кьыдэжкIуэу, инджылыбзэрэ щрагъэщIэн щIадзэ. Уеб лэмэ сабий сад нэхъ лъэрызехьэхэм ар нэхъ пасэжу яхуэзфIокI. Аращи, махуэ гуэрым телевизорымкIэ адыгэ гушыIалъэ кьегъэльагъуэ. Унагъуэр зэрыщIыту мэ дыхьэшх, арщхьэкIэ мо мыадыгэ-мыурыс-мыинмар щIэжьыжьыркъым. «Мишэжьну зыгуэрэ кьэжьэну?» - жесIэу сыщеупщIым, «Папэ кьэжьэнущ», жи. ИтIэ, папэ кьэкIуэху тIэкIу сыбдэIэпыкьунщ жысIэри, моуэ згъэтIысха кьудейуэ, сценэм зы цIыхуб гуэр кьильэдащ «Си кьуэр сшэжьну сыкъэкIуащ» жиIэри. Мор кьыщIыдащ, Iэ;мар мыгъ Iэр кьыщIыльэтри, адыгэ акцентыфIыр щIэту: «Папа не пришлА, мама пришлА», - жиIащ. Ар ямыщIэу жиIэу арегъэжьым. Адыгэ грамматикэм цIых ухъу-цIыхубз ельытакIэ псальэхэр зэрызэхимыдзым кьыхэжьыу адыгэ сабийм ищI щыуагъэхэр щIигъэхьэну арат. Мис а теплъэгъуэм зыкъомкIэ кьыдихьэхащ жюрир. Нужькьи «Iэмар, ар дауэ уигу кьэжа?!» жысIэу щыхуэзгъэщIагъуэм, «Ар си туэ щIэхуэт» жиIащ.

Сургут, Америкэ, Канадэ

КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭ 1999 гъэм Хьэсэнбий есэр жюрим хагъэхьэри, абы дуней псор, Урысейри хэту, кьызэхикIухьын щIидзащ. Япэу абы Сургут кьалэм сабий садымрэ институтымрэ зэпищIэу дзт гимназием езым хуэдэ егъэджакIуэ жыдэхрэкъм я гъусэу мастер-класс щригъэжьауэкIащ.

КьыкIэлыкIуэ егъэджакIуэ пашэхэр здаша Америкэм Хьэсэнбий бзитIри зэуэ зэребгъэдэжьи Iэмалым теухуауэ лекцэ кьыщеджащ Майами дэт дунейпсо университетым. И ужькIэ пэщIэдзэ классхэр щеджэ школым зи хабзи зи бзэ имыщIэ сабийхэм я деж дерс щитащ. Балигъыр зыгуэр хьунт, ауэ американ егъэджакIуэхэм я бзэр зымыщIэ мо лIы мыщIыхуэ кьаззэрыщыхьуар дауэ?! Ар мыбдежьым ит сурэтым щыбоIльагъу: Хьэсэнбий зыбгъэдэс сабий цIыкIуэхэм насыпыншэу фэ ятеткым.

Университет етым и педагогик я фаджьлыз школакIуэм зэуэ гъэм щIедзэ: «Сэ зыри кьызгурыIуэркъым, нэгъуэщI каналкIэ внэпкI» жеIэри...

Хьэсэнбий и кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зытеуихуар егъэджакIуэ нэхъыбэм экIыпIэ зыхуамыгъуэт а Iуэху зэхэзэрыхьаращ. Шэч хэпльхьэм, урысыбзэм и мызакъуэу, хамэ кьэралыбзэ зыбжанэ ящIэмэ зэрыпэхьыфIым. Нобэ дуней и щытыкIэмэ кьэрапхэм я зэпытщIэныгъэми ар IэмалышIэу кьеГъэув. Ауэ бзэр ебгъэщIэнкIэ зыщ, ар ебгъащIэ зуэдэу фэ зытебгъэуэнкIэ нэгъэщIщ. Хьэсэнбий бгъэдыхьэкIэ псоми я щыуагъэхэр зэпитьатэ, гъащIэм ящIэ, ар ебгъащIэ зебгъэужьыхьэщ, ар и анэдэлъхубзэщи.

Зэ уи закъуэ щхьэкIэ, классым щIэс сабий тIощIрэ тхум я кIэ пльагъуи хуейщ. УпщIэ щептым деж, я нэкIум, я фэм зэрызихъуэжьыкIэ епльыпхъэщ. А цIыху тIощIрэ тхум я фэм, кином кьыззригъэльагъэ уэм ещхьу, кьеГъэльагъуэ а сэ жыслар хэт дапхуэдэу кьыщыхъуами, хэт зыуи кьыщымыхъужьынкъым. Мис абы гу лыптэфу щытын хуейщ. Гу лыптэ нэхъ, адыгэбзэ зыщыпщынурэ уусабзэ зыщыпщынурэ уэ езым пэжу кьыхьыбохьф.

Здэхьын хуейщ бзитIри. Iэмал зэрпIэкIэ, япэ классымрэ етIуанэ классымрэ я адыгэбзэр нэхъ япэ ибгъэщу, итIанэ, ун бзэм фIыуэ зебгъэужьа нэужь, урысыбзэр тIэкIу нэхъ я пщIыуэ, епIланэ классыр кьыщIунэм деж сабийр мылъэгъэрапэу сыт хуэдэ упщIэ зэрыхьэкIэ хуумыгъэуамэ жэуапыр хуиту кьуитыфу мэхъу. Етхуанэ классым щыщIэдзауэ упрокхэр адэкIэ зэрекIуэкIынур урысыбзэщи, ар имыщIэу щытмэ, егъэджакIуэм зи кьыжраIэр кьыгурыIуэ зиIэ щхьэкIэ ящIэу зыхуэдэкIыну кьыкIыщ икIи еджэфынукъым.

Абы хуэмыкIуэнкIэ Iэмал и кIэкьым лэжьыгъэр тэмэму кьыхэзгъэщамэ. Апхуэдэу уемыгугъуэмэ, ди дыгъуасэ школ кьалхьа сабийм упщIэр зэрыхьэсыгъэ я зы Iыхьэ мащIэми, ноби жьджэру я Iэнатlэм пэрыт зэщхьэгъуэсхэми абыхэм кьащIэхьуэ щIэблэми дяпэки я хьыбарыфI зэрызэхэтхынум шэч кьытетхьэркъым.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.



УФ-м и Премьер-министр Степашин Сергей «Урысейм и егъэджакIуэ - 1998» цIэр зыфIаща Амщокьуэ Хьэсэнбий саугъэтэкIэр иретащ.

Москва, 1998 гъэ

ЕгъэджакIуэхэм сабийхэм ещхьу «зыкърахыу» Хьэсэнбий и урокым хэтщ. *Москва, 1998 гъэ*

Гурэ гурэ гъуэгу зэ хуаIэщ. *США, Майами, 1999 гъэ*

Амщокьуэ Хьэсэнбий американ сабийхэм яхэту. *1999 гъэ*

Амщокьуэ Хьэсэнбий Ирландием кьикIа лыкIуэхэм я гъусэу ЕгъэджэныгъэмкIэ дунейпсо конференцым хэтщ. *Пятигорск, 1998 гъэ*

● Зэхыхьэхэр

Щlалэгъуалэм я зэфlэкl ягъэльагъуэ

Иджыблагъэ ИнгушРеспубликэм щекlуэкlащ «Тергим-2011» дунейпсо щlалэгъуалэ форум. Абы зэхуигъэкlащ щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэмэ я лyklыгъэхэр, студентхэр, парламентар ныбжьыщlэхэр, УФ-м и хэгъуэгъуэм щlалэгъуалэ Iужьуэмкlэ щыlэ Iуэхущапlэхэм я лэжьакlуэхэр.

КЪЭБЭДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и лyklуэу формым хэтащ КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкlэ и юмиссэм и унафэщl **Гуппоев Тимур,** КъБР-м и Щlалэгъуалэ Правительствэм и унафэщым и къудзэ **Шеструблев Сергей,** Щlалэгъуалэ правительствэм ухуэныгъэмкlэ и министр **Афэунэ Мурат,** Мусылымэхэм я дин Iуэхущапlэм щlалэгъуалэм ядэлэжьнымкlэ и Iэщlагъэлl **Сыжажэ Хьэчим** сымэ.

Ди республикэм икIа гупым я пашэу щыта Гуппоев Тимур зэрыжиlамкlэ, зэIущlэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытар щlалэгъуалэм я зэфlэкlыр къызыкlухьанымкlэ дэIепыкъуэгъу хъунырц, апхуэдизуи УФ-м и хэгъуэгу зэхуэныдэжм, СНГ-м хьахьэ къэралхэм щыпсэу ныбжьыщlэкэм яку щэнхабзэ зэпыщlэныгъэхэр дэтхъэныгъ.

Формым хэту екIуэкlащ «Щlалэгъуалэм я псэкупсэщыпкъагъэ гъэсэныгъэм диным щиубыд увыпIэр», «Щlалэгъуалэ политикэ: гугъуехьхэмрэ къэкIуэнымрэ», «Щэнхабзэ зэпыщlэныгъэхэм щlалэгъуалэм щагъэзащlэ мыхьэнэр», «Щlалэгъуалэ туризм», «Щlалэгъуалэм я хунтыныгъэхэр», «Хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэхэр» зи фlэщыгъэ «стIол хьурейхэр».

- «Хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэхэр» зэкIыхьэм дыхэтащ Кавказ Ищхъэрэм и республикэм икIаду ныбжьыщlэ 20-м нэблагъэ, - жиIащ Гуппоев Тимур. - Ахэр жыдэкIэу тепсэлъыхьащ хьэрычэтыщlэ Iуэхум нобэ зэныщхьэлIэ гугъуехьхэм, ахэр зэфlэхыныкlэ щыlэ хэкIыпIэхэм. Сэ сызыхэлъащ Iуэхур дэкIын папщlэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм бизнес-инкубатор къыщызэIуахын хуейуэ, ар сэбэп хъунэу хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэхэм я Iуэху езыхэр щыпсэу щыпIэхэм нэхъ щыдэкIыныкlэ. Апхуэдизуи абы мыхьэнэщхуэ иIэнут хэгъуэгъэзэхуэмыдэхэм щыпсэу хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэхэр я лэжьыгъэ и пlалъэкlэ зэхуэмыкlэ, зэгъусэу программэ, проект щхьэхуэхэр ягъэжьащхьэныкlэ.

«СтIол хьурейм» хэта щlалэгъуалэм къыщызрагъэпэщащ Дэлъбрус къэралым и Iуэхущапlэ щlалэгъуалэмкlэ и къудамэ щыпсэу щыщхьэныгъэ зэгъэзэжьын зэрыхуейр, Мы Iуэхум теухуауэ Iуащхьэмахуэ куейм купщlафlэу щагъэлъэкlыну я мурадщ «ЩlЭныгъэм хэгъэхъуэным гъунапкъэ иIэкъым» зыфIаща проектыр. Абы ипкъ иткIэ Адыгэ-абхъаз щэнхабзэм и ягъэ дунейпсо фестивалу Налшык щекlуэкlам и лауреат, Абхъазым и «Кавказ» къэрал къэфакIуэ ансамблым хэта Кварчие Инал и цIэр зэрихьэу, къэфакIуэ гупхэмрэ щыхупту кыхъэдэфэхэмрэ я дунейпсо зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкlым и VII зэIущIэр Сочэ къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ. Ар кыхъэрагъэпэщащ Дунейпсо, Урысей Артийскэ комитетхэм я къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыlэм, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я Ассамблеем, творчествхэм зэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ академием, Сочэ къалэм и администраци.

ИлЪЭСИБЛ хъуауэ зэхьэзэхуэм зэхуеIэсэ Кавказым, Урысеим, нэгъуэщl къэрал хэм я къэфакIуэ нэхъыфIхэр. Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм зэпеуэм хэтащ Белоруссием, Украинэм, Алыджым, Армением, Осетие Ипщэм, Урысеим щыщ гупхэр.

Мы гъэм я зэфIэкl ягъэлъагъуащ республикэ зэжlащэм къикIа къэфакIуэ гуп 15-м. Махуитхум и кIуэцIкIэ ахэр хэтащ шыIэ яхэлъу ныбжьыщlэхэр гъэсэным теухуа зэIущIэм, балетмейстерхэм, адрей Iэщlагъэлlхэм я Iэзагъэм щыхагъэгъуазэ зэхуэсхэм, зэныбжьэгъугъэм и пщыхьэм.

Зэхьэзэхуэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм япэ увыпIэкlэ щыщащхьащ Iагрэ кьалэм (Аб хьаз Республикэ) и «Афыртын» къэфакIуэ гупым, зэтращ къафэмкlэ «Гюрие» ансамблым (КъБР, Налшык), «Фантазие» сабий къэфакIуэ гупым (Ставрополь край, Изобильнэ къ.). Iран-при саугъэтыр Налшык дэт Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щеджэ Гъубж Бэлэ кьихьащ.

Апхуэдэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым и кьафэ гъуэзджэр утыку кьрахьащ «Нартшыр», «Вдохновение» (Аруан районым Щэнхабзэмкlэ и унэ), КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм щыкуэкIэм художественно-эстетикэ гъэсэныгъэ етыныкlэ и центрым и «Гелио» гупхэм, нэгъуэщlхэми. Абыхэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ипщэм, Абхъазым щэнхабзэмкlэ щыкъэ зиIэ я лэжьакIуэ, Творчествэ эмкlэ Кавказ Ищхъэрэ академием и президент, Урысейм и Артийсхэ комитетым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыlэм и унафэщl Бетыгъуэн Iэуес къыхигъэщащ Кварчие Инал и цIэр зезыхьэ зэхьэзэхуэр зэныбжьэгъугъэмрэ лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ я дамыгъэ зэрыхьуар, цIыхъ ужь къадекIуэкlи щэнхабзэм ахэр зэрыгъэриша1Iэр, зэпеуэм хэт псори, къызыхэкlам емыльытауэ, фIыуэ зэрыпэхъущытыр, зэрыпэрыльагъур.

Кьэпщытакlуэ гупым и унафэщlу щита, «Кабардинка» къэрал академическэ къафакIуэ гупым и балетмейстер нэхъыщхьэ, Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым кьафэмкlэ и кафедрэм и профессор, КъБР-м, КъШР-м щыхьэ зиIэ я артист Атэбий Иг орь жиIащ США-ми, Италиеми, Франджыми, Бельгиеми щекIуэкlа зэпеуэ куэдым я жюрим зэрыхэсар, ауэ мыбы хуэдэу зэхьэзэхуэм хэтхэр зыр зым хуэгъазэу зыщlыпIэ гу зэрыщlылымыгъ. ЖьIпIэнурамэ, зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ Iуэху дах эт, зыкъэзыгъэ лъагъу эхэм я зэфIэкIри лъагэт.

Зэlущlэм теухуауэ яI Iуэху еплъыкIэхэр жаIащ Iнгушым и Композиторхэм я союзым и унафэщl, республикэм гъуэзджэхэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шадыкевэ Фаризэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм щыхуэхэм художественно-эстетикэ гъэсэныгъэ етыныкlэ и центрым и унафэщl, Урысейм щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бзэрокъуэ Еленэ, Изобильнэ къалэм гъуэзджэхэмкlэ и сабий школым къафэмкlэ и къудамэм и унафэщl, Урысеим щыпсэу лъэпкъхэм я Артиадэм и лауреат Григолиани Лианэ, Абхъазым щэнхабзэмкlэ и министерствэм щыхуб Iэпщlэльапщlагъэмкlэ и республикэ унэм и тхьэмадэ, Абхъазым щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Щэнхабзэм и уэрк» дунейпсо орденыр и зрата Кварчие Нури.

Зэlущlэм и кIэухыу «Нартшыр» кьафэкIуэ гупым кьратащ Кварчиехэ я унагъуэм къыбгъэдэкI саугъэтыр, зэхьэзэхуэм хуэпэжу зэпымыууэ абы зэрыхэтым щхьэкlэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Гъуэзджэ

«Нартшырыр» утыку къохьэ

● Хъыбар гуапэ

Щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр

«Псом тIэкIу-тIэкIуурэ нэхуIъэр зэхуехьэс» фIащауэ зэхуабла щIэныгъэ-практикэ конференцэм и стIуанэ зэзэщlэр иджыблагъэ Минеральные Воды къалэм щекIуэкlащ. Прохладнэ къалэм щыщ, 11-нэ классым щеджэ ПщыкIэ Каринэ и лэжьыгъэр абы нэхъыфI дыдэу кьыщалъытахэм ящыщщ. «Кавказым къэзакъхэр зэрыщынсэур: дыгъуасэ, нобэ, пшэдей» секцэм япэ увыпIэр кьыщихьащ адыгэ хьыджэбым «Нэгъуэщl лъэпкъхэм я щэнхабзэм пщIэ хуэщlыныр зэгурыIуэныгъэм ухуэзышэ гъуэгуш» зыфIища и Iэдакъэщlэкlым.

СТАВРОПОЛЬ крайм «Сабиигъуэр хьумэн» и жылагъуэ фондым, «Адэ-анэм я комитет» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Москва и гуманитар-экономикэ институтым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэу Минеральные Воды дэтым къызэрагъэпэща зэхьихьэм тхыдэм, этногрофием, щэнхабзэм, шыIэ яхэлъу щlэблэр гъэсным теухуа я Iэдакъэщlэхэр утыку къыщрахьащ Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыщ ныбжьыщIэхэм.

ПщыкI Каринэ къэзакъхэм ятеухуа и тхыгъэ купщlафIэмрэ нэрылъагъу лэжьыгъэхэмкIэ наIуэ кьиущIащ Прохладнэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр зэрызэпэдэжжир. «ЩIэныгъэ лэжьыгъэр сщIыныжьI зи нэIэ кьыстетахэу Потекинэ Ю., Скрипчак Т. сымэ нэмыщI сэ кьыздэIэпыкъуащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и кьудамэу ди кьалэм дэт лъахэхутэ музейм и лэжьакIуэхэр, кьэзакъ зэгухьэныгъэм хэтхэр. Сэ сытым дежи сфIэгъэщIэгъэунэщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэр. Сыкъыщыхуэзащ кьалэм и тхыдэр кьыгуэхьIэ гъэр убзыхунымкlэ Iугъэшэхар кьэплъытэмэ, си лэжьыгъэр убзыхунымкlэ Iугъэшэхьакъым», - кьыддогуашэ Каринэ.

Конференцэм щыщ Iыхьэу кьызэрагъэпэщат траха сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Абыи кьыщыхэжаныкIащ ПщыкI Каринэ - «Дунейм и дахагъэр» выставкэм утыку кьыщрихьа и лэжьыгъэхэм щхьэхIэ абы щIыхь тхылъ кьратащ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Зэхьэзэхуэр

Адыгэ-абхъаз щэнхабзэм и япэ дунейпсо фестивалу Налшык щекIуэкIам и лауреат, Абхъазым и «Кавказ» къэрал къэфакIуэ ансамблым хэта Кварчие Инал и цIэр зэрихьэу, къэфакIуэ гупхэмрэ щыхупту кыхъэдэфэхэмрэ я дунейпсо зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкlым и VII зэIущIэр Сочэ къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ. Ар кыхъэрагъэпэщащ Дунейпсо, Урысей Артийскэ комитетхэм я къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыlэм, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я Ассамблеем, творчествхэм зэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ академием, Сочэ къалэм и администраци.

ИлЪЭСИБЛ хъуауэ зэхьэзэхуэм зэхуеIэсэ Кавказым, Урысеим, нэгъуэщl къэрал хэм я къэфакIуэ нэхъыфIхэр. Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм зэпеуэм хэтащ Белоруссием, Украинэм, Алыджым, Армением, Осетие Ипщэм, Урысеим щыщ гупхэр.

Мы гъэм я зэфIэкl ягъэлъагъуащ республикэ зэжlащэм къикIа къэфакIуэ гуп 15-м. Махуитхум и кIуэцIкIэ ахэр хэтащ шыIэ яхэлъу ныбжьыщlэхэр гъэсэным теухуа зэIущIэм, балетмейстерхэм, адрей Iэщlагъэлlхэм я Iэзагъэм щыхагъэгъуазэ зэхуэсхэм, зэныбжьэгъугъэм и пщыхьэм.

Зэхьэзэхуэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм япэ увыпIэкlэ щыщащхьащ Iагрэ кьалэм (Аб хьаз Республикэ) и «Афыртын» къэфакIуэ гупым, зэтращ къафэмкlэ «Гюрие» ансамблым (КъБР, Налшык), «Фантазие» сабий къэфакIуэ гупым (Ставрополь край, Изобильнэ къ.). Iран-при саугъэтыр Налшык дэт Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щеджэ Гъубж Бэлэ кьихьащ.

Апхуэдэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым и кьафэ гъуэзджэр утыку кьрахьащ «Нартшыр», «Вдохновение» (Аруан районым Щэнхабзэмкlэ и унэ), КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм щыхуэхэм художественно-эстетикэ гъэсэныгъэ етыныкlэ и центрым и «Гелио» гупхэм, нэгъуэщlхэми. Абыхэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ипщэм, Абхъазым щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Творчествэ эмкlэ Кавказ Ищхъэрэ академием и президент, Урысейм и Артийсхэ комитетым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыlэм и унафэщl Бетыгъуэн Iэуес къыхигъэщащ Кварчие Инал и цIэр зезыхьэ зэхьэзэхуэр зэныбжьэгъугъэмрэ лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ я дамыгъэ зэрыхьуар, цIыхъ ужь къадекIуэкlи щэнхабзэм ахэр зэрызэриша1Iэр, зэпеуэм хэт псори, къызыхэкlам емыльытауэ, фIыуэ зэрыпэхъущытыр, зэрыпэрыльагъур.

Кьэпщытакlуэ гупым и унафэщlу щита, «Кабардинка» къэрал академическэ къафакIуэ гупым и балетмейстер нэхъыщхьэ, Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым кьафэмкlэ и кафедрэм и профессор, КъБР-м, КъШР-м щыхь зиIэ я артист Атэбий Иг орь жиIащ США-ми, Италиеми, Франджыми, Бельгиеми щекIуэкlа зэпеуэ куэдым я жюрим зэрыхэсар, ауэ мыбы хуэдэу зэхьэзэхуэм хэтхэр зыр зым хуэгъазэу зыщlыпIэ гу зэрыщlылымыгъ. ЖьIпIэнурамэ, зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ Iуэху дах эт, зыкъэзыгъэ лъагъу эхэм я зэфIэкIри лъагэт.

Зэlущlэм теухуауэ яI Iуэху еплъыкIэхэр жаIащ Iнгушым и Композиторхэм я союзым и унафэщl, республикэм гъуэзджэхэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шадыкевэ Фаризэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм щыхуэхэм художественно-эстетикэ гъэсэныгъэ етыныкlэ и центрым и унафэщl, Урысейм щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бзэрокъуэ Еленэ, Изобильнэ къалэм гъуэзджэхэмкlэ и сабий школым къафэмкlэ и къудамэм и унафэщl, Урысеим щыпсэу лъэпкъхэм я Артиадэм и лауреат Григолиани Лианэ, Абхъазым щэнхабзэмкlэ и министерствэм щыхуб Iэпщlэльапщlагъэмкlэ и республикэ унэм и тхьэмадэ, Абхъазым щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Щэнхабзэм и уэрк» дунейпсо орденыр и зрата Кварчие Нури.

Зэlущlэм и кIэухыу «Нартшыр» кьафэкIуэ гупым кьратащ Кварчиехэ я унагъуэм къыбгъэдэкI саугъэтыр, зэхьэзэхуэм хуэпэжу зэпымыууэ абы зэрыхэтым щхьэкlэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Аруан куей

Псынабэ топ джэгупIэ щауху

Псынабэ къуажэм футбол джэгупIэ Iэрыщl щауху, Абы хуэхьа щIыпIэр жылэм щыщ Хьэкъуэ Тимур и мыгъкукIэ зэIуэзэпэщ щыlэ, иратъхьэну лъэгум хуэзэр федеральнэ бюджетым къыхокI.

ЖьIЛАГЪУЭ цIыкIуэхэм щlалэгъуалэм папщlэ зыгъэпсэхупIэхэр щымащlэщ. Къащlэ щтэмэ, курыт еджапIэм спортым зыщыхуагъасэ и пэшым нэмыщI, Псынабэ нэгъуэщI дэткъым. Абы кьыхэкIыу, ахуааждэсхэр мы Iуэхугъуэм хуабжьу щыгуфIыкIащ.

Ухуэныгъэщlэр нэхъапэм щкольм и футбол джэгупIэу щытам дежи щрагъэжIкIэкI. Пщащхьэр зэтраубауэ, иджы асфальт тратъхьэ. Стадионри кьаухуэ.

ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Дышэкl Тимур кьыззэрыджиIамкIэ, лэжьыгъэ псори ДРСУ подящ организацIэм зэфIегъэзкI. Сом зы мелуан и уасэ футбол джэгупIэ Iэрыщlыр физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным тещIыхьа федеральнэ программэм хыхьэу яуху.

СОКЪУР Риммэ.

«ЦIыхубэ участковэ»-2011



Полицэм и участковэ уполномоченнэхэр цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъущ икIи абыхэм я хуитныгъэхэм я хьумакIуэщ.

2011 гъэм мазаем и 7-м къыдэкIа «Полицэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №3-ФЗ-м полицэм и пщlэр жылагъуэм я деж щыlэтыным, участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ къыгъэувкэр пхыгъэкIыным хуэунэтIауэ Урысей Федерацэм Къэралкlуэцl Iуэхукlэмкlэ и министерствэм жэпуэгъуэм и 14-м щIидзауэ щэкIуэгъуэм и 16 пщIондэ «ЦIыхубэ участковэ» зэпеуэр ирегъэкIуэкI.

КъБР-мкlэ МВД-м зэхьэзэхуэм хэтыну игъэлъэгъуащ УФ-м и МВД-м Шэрэдж куеймкIэ и хуэдэм и участковэ уполномоченнэ полицэм и лейтенант нэхъыщхьэ **Кучмезов Муслим.**

ПщIэ зиIэ, гущIэгъу зыхэлъ цIыху зэпIэзэрытущ ар Къэщкъэтау, Джэрпэджэж жылагъуэхэм зэрыщащIыхур. ЩIыпIэм щыпсэуэкlэр сыт хуэдэ дакъикlэкъым дэIепыкъуэгъу лыхъуэу абы зыхуагъэзэфынущ, гулыытэншэу зыри къызэримыгъэнэнур ящlэри.

Офицер щlалэм кьеГъэбыдыIа щыпIэм щытыкIэм сыт щыгъуи и нэIэ тетщ. «Си адэ-анэм, егъэджакIуэ-ущиякIуэхэм кьызэта гъэсэныгъэр, щIэныгъэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ лэжьыгъэм сэбэп кьыщыхсхуохьу», - кьыхепгъащ Кучмезовым. И Iэнатlэ мытынышм цIыхухэм гулыытэ хэха зэрыхуащIыр Муслим и екъуIэныгъэ нэхъыщхьэу кьелъыта.

Къэралым и участковэ нэхъыфIыр «Комсомольская правда» газетым и сайтым - **www.kp.ru** - цIыхухэм Iэ зэрыщаIэтыным кьрикIуэхэмкlэ кьыхахынущ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыlэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Узыфэ бзаджэ

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Нобэ хуэдэу ди адыгэр
Фадэ ефэу щытыгъакъым.
Къимыгъаззу стэкан изхэр
Иридзыхьыу ар къэсакъым.
Гупым хэсу ялъэгъуакъым
Зимыщlэжу ар ефауэ,
Хъуанэцlанэу, фыщlэу, зауэу
Ар хабзэншэун щытакъым.
Адэ-анэм емыдаIуэу
Хьэл-щэнышншэу ягъэсакъым,
ГъыпкъгъэкIуэду фадэ гуащlэм
ФIэкI хуэмеIуэ ар псэуакъым.
Ауэ нобэ дэ ди лъэпкъым
Къыщыщlахэр сыту Iей!
Фадэ щхъухьыр и нэрыгъщl,
ЩIымыIэж нэгъуэщI зыхуей.
Пщэдджыжьым щыщIэдзауэ
ЗыIуркlэ игъуэт фадэр,
Iэщlыб ещI абы щIыху хабзэр,
Ар и щэнкlэ хъуащи надэ.
Хэтщ фадафэм трактористыр,
ЕгъэджакIуэр, бизнесмен,
Хэбгъуэтэнщ абы министр,
Еджагъэшхуэ е спортсмен.
Фадэр хъуащи дэ ди тепщэ,
Зэрыхуеиуэ деIуэнтIэф,
Зэрыщlалэ а узыфэм
Дещlыр нобэ лъэпкъыр нэф.
Мис аращи, ди адыгэ,
Уи нэр ину къэгъэпльэф,
Лъыгъэ хэптъхи, ди псэукIэм,
Къытщlащхьэ и гульыкIыф.
Уэ а псоми дерс къыхэхи,
Хьэл мыхъумыщlэр щы Iэщlыб,
А щхъухь бзаджэм щхьэр къыхэхи,
ЗыIуумыгъхьэ фадэ Iуб...
Сэ слъэкIынут рифмэ дахэ
ЗиIэ уэ къестхэжIи,
Ауэ нобэ мы бжесIахэр
Слъагъуу слъэкIыкlэм сыблэкIын.

Тхакlуэ ныбжьыщlэхэм гулъытэ къыхуащl

● Гъуэгу къежьапIэ

Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыIэхэтащ Кавказ Ищхъэрэм ис усакlуэ, тхакlуэ ныбжьыщlэхэм я семинар. Ар кьыззригъэпэщащ псэуныгъэ-экономикэмрэ щlэблэм гупсысэ куу ябгъэдэлъхьэнымрэ теухуауэ Филатов Сергей зэхильхьа программэр и льабжьэ кьыззрагъэпэща урыгъейпсо фондым.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Дагъыстаным, Шэшэным, Ингушым, Ставрополь, Краснодар щlыналъэхэм икIа щlалэгъуалэр Цей жьанэм щыlэ зыгъэпсэхупIэхэм ящыщ зым ирагъэблагъэщ икIи махуи 4 зэкIэлъыкIуэкlэ абыхэм ядэлэжьащ Москва къикIа тхакlуэхэр. УнэтIныныгъэ зыбжанэкlэ гуэшауэ ирагъэкIуэкIа еджэныгъэхэм щытепсэльыхьащ литературэм дихьэх ныбжьыщlэхэм я Iэдакъэщlэкlэхэм, абыхэм яхэлъ ныкъуэныгъэхэмрэ гу зылытапхъэхэмрэ.

Апхуэдэу ди тхакlуэ, усакlуэ щlэблэм я екъулIэныгъэхэми гулытэ нэс хуамыщlу кьэнакъым. Псом нэхъыр нэхъ гъэщlэгъуэныр семинарым зэхуишэсахэр я лъэпкъкIи я ныбжькIи зэрызэхуэмыдэм ещхьу, Iэнатlэ зырызыхи зэрыпэрытырт. Абыхэм яхэтт усэ, хьыбар зытхэр, сурэтыщlхэр, композиторхэр, Iэпщlэльапщlэхэр, лэжьакIуэ кьызэрыгуэкlхэр, журналистхэр, бзэщlэныгъэм ирилажьхэр. Ахэр псори литературэм зэриштлат щхьэж и гупсысэрэ и Iуэху еплъыкIэрэ иIэжу. Псом ящхьэращи, зэIущlэр кьызззыгъэпэщащэм семинарым нэрылъагъу ящищlащ уэзэрыгушхуэ хъуну литературэ щlэблэ Кавказ Ищхъэрэм зэриIэр.

Семинарым хэтахэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр кьыхахащ. Ахэр пlалъэ пыухыкIам тету кьытехуэнущ «2011 гъэм кьрИуфыдэу тхакIуэ ныбжьыщlэхэм я Iэдакъэ къыщlэкIа тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса каталог» зыфIаща кьыдэкIыгъуэм, «Вайнос х», «Октябрь» журналхэм. Семинарым апхуэдэу щытепсэльыхьащ литературэм дихьэх ныбжьыщlэхэр щlэх-щlэхьэхуэ щызэхуэхьэса щыпIэ щхьэхуэхэр кьызэIуахын зэрыхуейми.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Теплъэгъуэхэр

Абхъаз щыIэнатlэ - Псэм и хэку. *СурэтырКЪАРЕЙ Элинэ трихащ.*

● Хъыбарегъащlэ

Щlалэжьщlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым жэпуэгъуэм мы спектаклэр щагъэлъэгъунущ

Премьер
Жэпуэгъуэм и 20-м
Стратиев Станислав. **«Автобус»** *(Фарс)*

Жэпуэгъуэм 27-м
Дымэн Мурадин.
«Уэлий и парашют»
(Iуэшыгъ).

ЩыщIидзэ сыгъэсыт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-33-87**

● Гу зылъытапхъэ

Фыкъыхыхьэмэ ди гуапэщ

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министерствэм конкурс ирегъэкIуэкI коррупцэм пэщIэтыныкIэ мардэхэр хэIущIыIу щIыныкIэ коррупцэм ебэныным хуэгъэза зэхэщIыкI щIыхуэхэм яхэльхьэныкIэ сатум пымыщIа Iуэхуэщlапlэхэм я проектхэр ягъэзэщlэн папщlэ субсидиехэр яхуэхъыным хуэунэтIауэ.

Зэпеуэм и мурадыр коррупцэм пэщIэтыныкIэ лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Ре спубликэм щыщIэгъэхуэбжьэныщ.

Конкурсым хэтын папщIэ заявкэхэр тхауэ е электрон теплъэ яIэу мы хьыбарегъащlэр къыщытредзам щегъэжьауэ ма хуи 10-кIэ къыщыIах КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министерствэм.

Ди хэщlапlэр: Налшык къалэ, Лениным и ÿэрам, 57.

Конкурсым теухуа Положениемрэ заявкэм и электрон теплъэмрэ щыгъуэзэ зыщыфщI хуэунэту htтr://www. prganvitelstvokbr.ru/k-br/kbr-main.hsf /html/KONKURSMINKOM-MOLODEJI

Документхэр зэрывгъэхьэзырыну щыкIэм фыщIэупщIэ хъунущ **8 (8622) 77 84 03** телефонымкIэ (махуэ къэс, зыгъэпсэхугъуэхэр хэмыту).

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩlАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыlэ ÿэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщlэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдэкIыкlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщlэтта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм щсу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныгъэ щыгъкым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м и щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыlэ ÿэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Соня, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIепыкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр щIыну* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.002●Заказ №3568